



American Heart Association.



Konprann Risk Lp(a) Mwen an

Pote fèy sa a nan randevou ou a epi sèvi avè l pou gide konvèsasyon ou a ak pwofesyonèl swen sante ou a.

Konprann Lp(a)

Lipopwoteyin(a), oswa Lp(a), se yon lipopwoteyin ki pote kolestewòl nan san w. **Nivo ou a prensipalman ereditè, epi lè li wo, li ka ogmante risk ou pou gen maladi kè ak estwòk.**

Yon tès kolestewòl ki regilye (bilan lipid) pa kontwole Lp(a) ou a. Sèl fason pou konnen nivo w se atravè yon tès san senp ke pwofesyonèl swen sante w la preskri w.


Direktiv aktyèl yo rekòmande pou **chak granmoun fè yon tès Lp(a) omwen yon fwa nan lavi yo.** Tès la ka espesyalman enpòtan si ou gen:

- Antesedan familyal oswa pèsònèl pou maladi kè twò bonè (anvan 55 lane pou gason epi anvan 65 lane pou fanm)
- Antesedan familyal yo konnen pou Lp(a) ki elve
- Dyagnostik pou ipèkolestewolemi familyal (FH), yon maladi ereditè kote kèk moun ka fèt ak nivo LDL ki trè wo.

Risk ou pou maladi kè ak estwòk depann de plizyè faktè, pa sèlman Lp(a). Pwofesyonèl swen sante ou a ka eksplike sa nivo Lp(a) ou a vle di pou ou.

Konprann Nivo Mwen

Nivo Lp(a) pou risk maladi kè ak estwòk



Nivo sa yo baze sou estimasyon nan nivo popilasyon an, epi risk pou chak moun depann de lòt faktè tankou laj ak tansyon.

Nivo Lp(a) mwen an: _____

- Kisa nivo Lp(a) mwen an vle di?

- Kijan nivo Lp(a) mwen an adapte ak sante jeneral mwen?

- Èske manm fanmi mwen yo ta dwe fè tès tou?

Konprann Opsyon Mwen yo

Chanjman mòdvi yo pa bese Lp(a), men li ede bese riks ou anjeneral pou gen maladi kè ak estwòk.

- Èske Lp(a) mwen an ogmante risk mwen gen pou maladi kè oswa estwòk?

- Ki chanjman mòdvi mwen ka fè pou bese risk mwen an?

- Èske gen medikaman mwen ta dwe pran oswa kontinye pran pou bese risk mwen?

- Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Lp(a)?

Dekouvri resous k ap ede w sou [heart.org/Lpa](https://www.heart.org/Lpa) (sit wèb an Anglè).